Қыпшақбай Мәтмуратов

# *Кешиккен муҳаббат*

Еки бөлимли драма

2000 жыл.

# Қатнасыўшылар:

1. Қ ы д ы р .
2. Н а з л ы м - Қыдырдың ҳаялы.
3. М е ҳ р и б а н - Қыдырдың қызы.
4. Д ә ў р а н – Назлымның ойнасы.
5. Т у р д ы қ у л – Назлымның әкеси.
6. А й ш а – Назлымның анасы.
7. О р ы н г ү л – Дәўранның ҳаялы.

# Биринши бөлим

## Биринши перде

## Көринис

Қыдырдың үйи. Жақсы жийҳазланған бөлме. Еки шетте, төрги бөлмелердиң қапылары көринип турады. Бир шетте диван. Ортада стол. Қ ы д ы р шай ишип түсленип отыр. Диванның үстине Қыдырдың кийимлери бийтәртип тасланған. Бир шетте телефон көринип турады.

ҚЫДЫР *(саатына қарап).* Саат бир ярым, неге кешикти-әй! Ҳа-аа, оқыўдан шығып класслас достымның туўылған күнине бараман деген екен-аў. *(Орнынан турып гезип жүреди.)* Әжайып қызым бар-дә! Мени жан-тәни менен жақсы көреди, қыйналсам, ҳәттеки жанын бериўге де таяр.

Бир қолында чемодан, жайтаңлап күлиўи менен Назлым келеди.

НАЗЛЫМ. Қы-дыр, аға-сы!...

ҚЫДЫР *(жалт қарап).* Ҳаў, Назлым!...

Екеўи қол алысып сәлемлеседи.

НАЗЛЫМ. Кел, жақсылап бир көрисейик те. Сен не, бир айдан берли сағынбадың ба?!

ҚЫДЫР. Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!... Яқшы, кел шабазым, кел!

Екеўи сүйисип көриседи.

НАЗЛЫМ. Қалай, аман отырсызлар ма? Меҳри қалай, оқып атыр ма? Қуўаныштан хат келмеди ме?

ҚЫДЫР. Ҳәмме аманбыз, қызың жақсы, оқып атыр. Баяғы өзиң бардағы хаттан кейин балаңнан хат келмеди. Ал, өзиң қалайсаң, аман-саў барып қайттың ба?

НАЗЛЫМ. Рахмет Қыдыр, дем алдық, емлендик, дым

жақсыман.

ҚЫДЫР. Түпәләм. Түриң әнейдей, шырайың шығып қалыпты. «Басым, жүрегим» дей беретуғын едиң, қалай енди өзгерис бар ма?

НАЗЛЫМ. Басым да, жүрегим де жақсы болды. «Жылына бир мәрте келип, емленип турмасаң болмайды» деди санаторийдағылар. Қыдыр, мына қыйын жағдайда жуўырып-жортып, сонша қәрежет таўып азаматлық еттиң. Азаматым! Саған миннетдарман, әзийзим! *(Қыдырдың бетинен сүйеди.)*

ҚЫДЫР. Ең баслысы, денсаўлық болсын, шабазым, басқасының иләжы бола береди. Ата-баба қара зағара жеп, ас қатықсыз жарма менен де күн көрген ғой, ақыры. Еплеп-сеплеп қарызларымыздан қутылармыз. Яқшы, шаршап келген шығарсаң, мен шай қойып жиберейин. Сен кийимлеринди өзгертип, жуўынып-шайынып ал.

НАЗЛЫМ. Яқшы.

Қ ы д ы р шай қойыўға ғамланады, чемоданын алып Н а з л ы м төрги бөлмеге кийимин өзгертиўге кетеди. Соңынан Қ ы д ы р , еки қолында түрли мийўе-жемислерге толы ыдысларды столға әкелип қояды.

ҚЫДЫР *(даўыслап).* Назлым, ҳә Назлым!...

НАЗЛЫМ *(сырттан).* Ҳә-әў!...

ҚЫДЫР. Сениң келиў ҳүрметиңе деп музлатқышты, тап тепкилеп тыққандай етип қойыппан. Мине қара, ушлығынан азымаз әкеп столға қойдым.

НАЗЛЫМ *(сырттан).* Ҳаў, қәрежетти қайдан таптың?! Өйте берип неғылайын деп едиң.

ҚЫДЫР. «Қарызың мыңға жетсе де, мәйек бөрек же» деген ғой. Қарыз-дә, қарыз! Енди, еситкен қоңсы-қобалар менен дос-яранлар, «аман келдиң бе?» ге келеди, ақыры. Малаға минген суўпыдай, еки қолды қолтыққа урып қалай отырасаң? Өлимнен уят күшли. Сениң аман келгениңе бир дәшейик дедик-тә!

НАЗЛЫМ. Рахмет, Қыдыр!

ҚЫДЫР. Тезирек келеғойса, пай сенәм бир!...

НАЗЛЫМ. Яқшы, ҳәзир. Шайынды демледиң бе?

ҚЫДЫР. Ҳаў, еле солай екен-аў… *(Кетеди.)*

Н а з л ы м  келип ыдыстағы алмадан биреўин алып ийискеп турады.

НАЗЛЫМ *(ойлы).* Әжайып ерим бар-дә!…

Қ ы д ы р  шай әкелип столға қояды. Шайды қайтарып кесаға қуяды. Ойлы турған Н а з л ы м н ы ң  жанына барады.

ҚЫДЫР. Бир жериң аўырып турған жоқ па, я шаршадың ба? Бир түрли болып турсаң-ғо. Кел, шайынды иш.

НАЗЛЫМ. Бир түрли болып турған жоқпан-аў, шаршаған шығарман. Меҳрибанның еле оқыўдан келетуғын ўақты болған жоқ па?

ҚЫДЫР. Қызың оқыўдан шығып, бир достысының туўылған күнине барады. Азанда сөйдеп кетти. ... Назлым, усы көптен берли Дәўран көринбей кетти!

НАЗЛЫМ *(сезикленип).* Дәўран!… Ҳаў, айтыўға умытып отыр екенмен-аў. Айтпақшы, мен Ташкентте санаторияда қызық болғанман.

ҚЫДЫР. Қызық? Не қызық?!

НАЗЛЫМ. Кеше қайтардың алдында-аў. Докторларға көринип, шаныштырып шықсам, артымнан бир даўыс «Наз-лым» дейди. Жалт қарасам, Дәўран!…

ҚЫДЫР. Дәўран?! Ҳаў!…

НАЗЛЫМ. Соннан көрисип, «Ҳе, неғып жүрсең?» десем, тап бизлерге жәп-жақын бир санаторияның атын айтып, «Емленип қайтып баратырман, усы сизлер жатырған санаторияда бир таныс врачым бар еди, соны көрип кетейин деп келдим» дейди. Дәўранның қайтқанына еки-үш күн болып қалды. Үйге келген жоқ па?

ҚЫДЫР. Яқ, келмеди. Әй, ол пуллы адам. Пулы көп адам жүре береди ғой, оған Ташкент деген жырма! *(Саатына қарап орнынан турады.)* Ал, Назлым-әй, мен жумысқа барып қайтайын. *(Кийинип*

*журип.)* Ташкенттен комиссиялар бар, излеп қалар. Сен пәкизе аўқатынды асып отыра бер, мен жырылдым болды, қайтаман. Дым сағынып кеттим. *(Сүйеди.)*

НАЗЛЫМ. Яқшы, тезирек қайт, қатырып палаў асып қояман!

ҚЫДЫР. Яқшы.

Кетеди. Бираздан соң телефон шыңғырлайды.

НАЗЛЫМ. Алло!... Ҳаў, апа, сәлем бердик. Аман отырсызлар ма, ағамның дени саў ма? Аўа, жаңарақта келдим. Жақсы. Аўа.

Д ә ў р а н киреди. Ол дөгерегине жақсылап қарап алады. Ҳеш кимниң жоғын сезип, Н а з л ы м н ы ң артына әстен келип турады.

НАЗЛЫМ. Яқ ... Аўа ... Онда кеште ҳәмме келиң, апа, аўқат асып күтип отыраман. Яқшы.

Н а з л ы м телефонды қояды, Д ә ў р а н артынан қушақлап, мойнынан ийискеп, тапжылтпай турады.

НАЗЛЫМ. Дәўран, Дәўран, қой деймен!... Қой, қойса!...

Д ә ў р а н , Н а з л ы м д ы өзине бурып алып сүйеди. М е ҳ р и б а н киреди. Көринбеслик ушын дәрриў тасаланып қалады.

ДӘЎРАН *(жаздырып).* Мен екенимди қайдан билдиң? Сен мени көргениң жоқ, даўысымнан таныды деўге мен еле сөйлегеним жоқ?!

НАЗЛЫМ *(еркелеп).* Сениң ең бир жаман әдетиң усы. Адамның артынан келип қушақлап сүйесең.

ДӘЎРАН. Меннен басқа ҳеш ким өйтпей ме?

НАЗЛЫМ. Яқ.

ДӘЎРАН. Байың ше?

НАЗЛЫМ. Оның ҳәрекети басқаша. *(Наз қылып.)* Және де ол сендей шыдамсыз емес.

ДӘЎРАН *(еркеленип).* Шыдамсызбан ғой, шыдамай турман-ғо! *(Асылмақшы болады.)*

НАЗЛЫМ. Қой-әй, Дәўран болды енди, биреў келип қалып масқара болармыз. Оннан да кел отыр, шай ишейик.

Отырады. Н а з л ы м кесаларға шай қуяды. М е ҳ р и б а н тасада үнсиз жылап турады.

ДӘЎРАН. Қушағынды дым сағынып кеттим.

НАЗЛЫМ. Келистир әбден! Ташкенттеги бир ай жетпеди ме, келгениң кеше-ғо!

Күлиседи. Буған шыдамаған М е ҳ р и б а н тасадан жуўырып шығады.

НАЗЛЫМ *(өрре турып).* Ҳаў, Меҳрибан, қызым! Не болды, аманлық па? *(Қызын қушақлап, бетлеринен сүйеди.)* Не болды қызым, бир жериң аўырып тур ма?

МЕҲРИБАН *(жүрегин услап).* Аўа, аўырып тур. Мына жүрегим, жүрегим!...

ДӘЎРАН. Астаўпыралла, муштай қыз!...

МЕҲРИБАН. Биреў суўырып алып, тап ийне шаншып ойнап атырғандай ... Жүрегимнен қан жосып баратыр апа. Жүрегим ғыжлап баратыр. Өртенип баратыр ғой, апа! *(Өкирип жылайды.)*

НАЗЛЫМ. Қудайым-әй, не маңлайым қурып қалды!... «Тез жәрдем» шақырайын ба?

МЕҲРИБАН. Яқ, апа, мен отырайын. Маған суў әкеп бер!

ДӘЎРАН *(ҳайран).* Астаўпыралла бала!...

НАЗЛЫМ *(шай қуяды).* Суў ишкенше мә, шай ише-ғо, қызым, ҳеш гәп болмас.

МЕҲРИБАН. Яқ, апа. Маған музлатқыштан муздай суў әкеп бер. Бәлким жүрегимниң ғыжлағаны басылар.

НАЗЛЫМ *(апалақлап).* Яқшы, ҳәзир. *(Кетеди.)*

МЕҲРИБАН *(әстен орнынан турып).* Сен, ағамның жорасысаң, я?!

ДӘЎРАН. Аўа!

МЕҲРИБАН. Сен бизиң үйден талай мәрте дуз иштиң, я?!

ДӘЎРАН *(албырақлап).* А…ааа…аўа!…

М е ҳ р и б а н қолына кесаны алып Д ә ў р а н н ы ң бетине серпип жибереди.

МЕҲРИБАН. Түп-пиў!… Ҳарамы! Дуз ишип, дузлығына түпирген ҳарамы !…

ПЕРДЕ

# Екинши перде
# Көринис

Қ ы д ы р д ы ң үйи. Телефон шырылдайды. Н а з л ы м келип трубканы көтерип сөйлеседи.

НАЗЛЫМ. Алло!… Ҳаў, қалайсаң достым, үй-ишлериң аман ба?… Аўа…

Сырттан Қ ы д ы р келеди. Ҳаялының сөйлесип болыўын күтип турады.

Аўа… Кеше келдим. Қудайға шүкир денсаўлық жақсы… Яқ… Үйде бир өзим, ишим пи-сийп отырман. «Өлгенде көрген байымды, өгиз теўип өлтирди» дегендей, бир айда зорға келсем, «Ташкенттен комиссиялар бар еди» деп жумысына кетти… Әй, қойш, солардың тексериўи-ақ таўсылмайды. Соннан бир-еки сааттан кейин үйге қоңыраў етип тур, «ал, мен сол комиссиялар менен районға командировкаға баратырман, үш-төрт күн районларды аралайтуғын шығармыз», деди.

Қ ы д ы р билдирмей Н а з л ы м н ы ң артына келип турады.

Жоқ бош қатын, байынды сен сағынбайтуғын шығарсаң жүдә!

Қ ы д ы р Н а з л ы м н ы ң артынан қушақлап, тыпжылтпай мойнынан ийискейди.

НАЗЛЫМ. Дәўран қойш, Дәўран қой деймен, биреў келип қалар! …

Қ ы д ы р дәрриў қолын жаздырады, қалшыйып қалады. Н а з л ы м оны көрип албырақлайды.

НАЗЛЫМ. Ҳаў ...

ҚЫДЫР *(қалшылдап).* Хо-ошш! … Қәне, жаңа не дедиң?! Ким дедиң?! Ким дедиң деймен саған?!… Саған айтаман, кимниң атын айттың?!…

НАЗЛЫМ *(қорқып).* Дәўран…

ҚЫДЫР. Дәўран, ол қай Дәўран?!

НАЗЛЫМ. Дәўран-дә!

ҚЫДЫР. Яғный, мениң жорам Дәўран! Ол сениң де жораң, солай ма? Ойнасың, солай ма?

НАЗЛЫМ. Қойш, Қыдыр, аўзымнан бир шығып кетти-дә!

ҚЫДЫР. Ондай сөзлер, қатынның аўзынан әйтеўирден-әйтеўир шықпайды!

НАЗЛЫМ *(пәтленип).* Сонша не боп қапты жүдә!

ҚЫДЫР. Сен еле мойынлағың да келмей тур ма!

НАЗЛЫМ. Ал, айтшы, нени мойынлайды екенмен?!

ҚЫДЫР. Онда жаңағы айтқанларынды толық айт!

НАЗЛЫМ. Жаңа айттым ғо! Неге езбелей бересең?

ҚЫДЫР. Айтпайсаң ба?! Бундай сөзлер әпиўайы ойынның арасында айтылмайды, оны өзиң жүдә жақсы билесең! Дәўран ойнасың, жораң, солай ма?!

НАЗЛЫМ. Яқ!

ҚЫДЫР. Сонда ол, ойнасың, жораң болмай кимиң болады?!

НАЗЛЫМ. Мен ондай ҳаяллардан емеспен!

ҚЫДЫР. Не, не! Сонда қандайсаң?! Байыңның қушағында турып, ойнасыңның атын айтасаң, сонда ким болғаның сениң?! Аппақ хожаның ақлығымысаң, я периштемисең! Қәне, айт, енди ким дейик сени, не дейик сени!

Н а з л ы м үндемейди. Ойшыл музыка жаранлайды.

ҚЫДЫР. Неге үндемейсең? Мойынлайсаң ба айыбынды я жоқ па? Бәлким, сен Дәўранның қойнынан тырдай жалаңаш суўырып алғанда ғана мойынларсаң?!

НАЗЛЫМ. Жасыра бериў жаныма тийди. Мен оны сүйемен!

ҚЫДЫР. Неғыл дейди мынаў!... С-ү-й-е-м-е-н! Некели байы менен жигирма жыл қослас болған, улы-қызы ержеткен қатын, енди басқа биреўди сүйеди?!! ...

НАЗЛЫМ. Ырас Қыдыр, солай болып қалды. Бул турмыс деген. Қыз дәуиримди еслесем ... Ол ўақытлары жас қызбан. Басымды романтикалық ҳәр қыйлы қыяллар шулғаған. Қыялларымда өзимниң әрман еткен жигитим келип, мениң менен шәмен бағларда қыдырып, қолын ҳәм жүрегин усынып үйленетуғын еди. Ўақыт өте берди, бирге оқыған класслас қызлар турмысқа шыға баслады. Турмыстың ағымы сондай екен, бара-бара бойдақлар саны азая баслады. Қулағыма теўип, маған көп жигитлер сөз салды. Мойын бурмадым. Ахырында кешеги бирге оқыған класстағылардан үш қыз ғана қалдық. Қыялымдағы жигит келе қоймады. Отырыспақларда, той-мерекелерде қатар-қурбыларым мени табалай баслады. Қарасам, қанаты бар мени қағып кетип атыр, ал тумсығы бары шоқымақта. Кеўлиме сонда ғал-ғула түсти. «Отырып қалайын деп турман» деп ушып тура беретуғын бәлеге ушырадым. Сондай ҳалда жүргенимде сен гезлестиң, Қыдыр! Ушырасып-сөйлесип, дийдарласып турдық. Мен сонда ойландым: «Болды енди, Назлым. Бул жигиттен де жүз бурсаң, онда келешегиң зимистан болар, еки дизенди қушақлап, бул дүньядан тақ өтерсең. Ол шекпейди, насыбай атпайды, байрамларда арақты

азғана аўзына алады, минези жақсы. Буннан артық не керек саған?!». Сөйтип екеўимиз турмыс қурдық. Жыллар өте берди, балаларымыз үлкейди. Күнлерден бир күн сен Дәўранды биринши рет үйге алып келгенинде жүрегим бүлк ете қалды! Әттең, өмир бизлерди жүдә кеш ушырастырды. Ол да мени көрип өзин жоғалтып қоя жазлады, бирақ сен буны сезбедиң. Сол ушырасыўдан соң Дәўран сениң менен шын дос болып алды. Мени көриў ушын келгишлей беретуғын болды. Дәўран себепли мен «үйге — үй болып қатнасыў»ды усынып, саған ой салдым. Екеўимиз де бир-биреўимизге мүнәсип екенимизди терең сезинетуғын един. Журттан тасада ушырасып, сөйлесип, қушақласып, сүйисип жүре бердик. Бул қылығымыздың күнлерден бир күн паш болатуғынын екеўимиз де аңлайтуғын един. Сонда да алға қарай — өз әжелимизге қарай кете бердик ...

ҚЫДЫР. Солай де ... Енди мен саған ким боламан?

НАЗЛЫМ. Сен мениң некалы байымсаң!

ҚЫДЫР. «Қатын некалы байынан гөре, ойнасын жақсы көреди» деген екен мен атын билмейтуғын бир дана. Сен бузақысаң!!!

НАЗЛЫМ. Яқ, мен ондай емеспен!

ҚЫДЫР. Сонда кимсең сен? Буннан артық, «мен тәнимди сатаман» деп баҳасын жазып, көшеге шығып, мойныңа илдирип жүриўиң керек, болғаны.

НАЗЛЫМ. Сен мени жақсы түсиндиң, Қыдыр, бирақ түсингиң келмей тур!

ҚЫДЫР. Сен ҳәттеки «ҳайўан» деўге де арзымайсаң! Себеби, ҳайўанның бузығы болмайды! Қаншық та, изине тамамы ийтти ерткени менен, тек бир ийтке ғана ылығады!

НАЗЛЫМ. Дурыс, мен кеширилместей гүна иследим, өйткени жүрегимниң ҳәмирине бойсындым, Қыдыр!

ҚЫДЫР. Яа-ақ! … Сен ҳайўансаң! Өзиңниң ҳайўаннан да пәс екенинди мойынлайсаң ба, жоқ па? Дәслеп сен соны айт маған!

НАЗЛЫМ *(ашыўлы).* Гәплериң былшырап кетти, тоқтат сөзди!

ҚЫДЫР. Мойынлайсаң ба, мойынламайсаң ба?

НАЗЛЫМ. Яқ! Билгениңди қыл!

ҚЫДЫР *(қатты ашыўланады, урмақшы болып қолын көтереди, бирақ ойланып қалады).* Яа-ақ!... Бундай қылмайын. Ҳәзир, туўған-туўысқанларыңның бәрин шақыраман да, бетпе-бет отырып ҳәммесин айтаман. Әне, оннан соң және, және өлесең, оннан соң және, және, және өлесең! Енди сениң туўған-туўысқанларың да, ул-қызың менен, ҳәттеки мен де жоқпан саған! Себеби, сен ҳәммемизди тирилей өлтирдиң! Жети пуштымызға дейин, ҳәммемизди тирилей жерге көмдиң, сен! *(Ашыў менен шығып кетеди.)*

НАЗЛЫМ. Енди мени ким түсинеди!... *(бетин басып жылайды ҳәм бираз ойланып турады)* Муҳаббат жолында табан тиреўге қарар еттим, ал мени бузақыға, жезөкшеге шығарып қойыпты. Бундай ақыретлерди еситкенше, өлгеним жақсы. Яа-ақ!... Егер де усыннан мен, өз-өзимди өлтирсем, ырасында да бузық атын көтерип кетемен. Бунын менен кимди жеңемен? Қой, бул болмайды. Ақыры, биреў болмаса биреў мени де түсинер. «Тас түссе — талайдан», маңлайыма не жазылғанын көрермен!...

Сырттан М е ҳ р и б а н келеди.

НАЗЛЫМ. Келдиң бе, қызым?!

МЕҲРИБАН *(жақтырмай).* Аўа. Бу не көзлериң қып-қызыл? жылағанбысаң?

НАЗЛЫМ. Яғ-аў, басым аўырып тур.

МЕҲРИБАН. Түриң де қуп-қуў болып кетипти. Ҳаў, мынаў ағамның қалпағы ғой! Ол не, командировкадан келди ме?

НАЗЛЫМ. Аўа. Сен барып шешинип, үй кийимлериңди кийип шық.

М е ҳ р и б а н кетеди, телефон шырылдайды, Н а з л ы м сөйлеседи.

НАЗЛЫМ. Ал-ло!... Аўа... Алло, Дәўран мениң гәпимди бөлмей тыңла, үйде қыз бар.

М е ҳ р и б а н тасаланып тыңлап турады.

Себебин соң айтаман. Сениң менен арамыздағы байланысты мойынлап қойдым. Аўҳал шатақ. «Барлық туўған-туўысқанларынды жыйнап келемен» деп, ол бизиң үйге кетти. Ертең гезлесип, сөйлесип алмасақ болмайды. Сени өзим таўып аламан. *(Жылайды.)*

М е ҳ р и б а н Н а з л ы м н ы ң қасына келеди.

МЕҲРИБАН *(елжиреп)* Неге жылап отырсаң, апа?

НАЗЛЫМ *(тезден көз жасларын сүртип).* Яқ, жылап отырғаным жоғ-аў, қызым. Қой, аўқат таярлайық!

МЕҲРИБАН. Аўқат керек емес, апа!

НАЗЛЫМ. Неге?

МЕҲРИБАН. Бүгин бизлерге «Әдептаныў» сабағы болды.

НАЗЛЫМ. Не деп турсаң қызым, түсинбедим-ғо?! Аўқат жегиң келмейди, ... өйткени «Әдептаныў» сабағы болды солай ма? Дым түсинбедим ғой.

МЕҲРИБАН. «Әдептаныў» сабағында «Үйдиң уйытқысы — ана» деди муғаллим. «Егер уйытқы жақсы болса, үй қатықтай уйыйды. Егер уйытқы пәс, нәкас болса, ирип, шаңарақ ортасына түсип, хожалық ойран болады» деди! Соның ушын да ҳәзир маған аўқат керек емес. Аспай-ақ та қой. Енди бул шаңарақта жақсылыққа қазан қайнамайды, апа!

НАЗЛЫМ. Саған не болды қызым, гәплериң әжеп тәўир-ғо!

МЕҲРИБАН *(жылап турып).* Маған емес, саған не болды, апа-аў!

НАЗЛЫМ. Қызым!...

МЕҲРИБАН. Мен бәрин де билемен, апа!...

Қ ы д ы р келеди.

ҚЫДЫР. Меҳрибан, неге жылап турсаң, қызым?

МЕҲРИБАН *(Қыдырдың мойнынан қушақлап жылап).* Аға, ағажан-аў, баўырым-аў!...

ҚЫДЫР. Жылама қызым!... *(өзи де жылап жибереди)*

МЕҲРИБАН. Аға, «Перзент ата-ананың баўыр ети» дейди. Ал, ата-ана перзент ушын ким?

ҚЫДЫР. Атаң - сүйенишиң, асқар таўың, айбатың. Ал, анаң - Каабаң қызым!

МЕҲРИБАН *(Назлымның алдына диз шөгип).* Әй, Каабам мениң, сен мени тирилей өлтирдиң, тирилей жерге көмдиң сен мени! Енди маған, бул жақты дүнья керек емес! Егер, сениң ана екениң, Кааба екениң ырас болса, жанымды ал мениң!

ҚЫДЫР. Қы-зым!...

МЕҲРИБАН. Яқ, аға, мен енди жасамайман! Бул дүнья муҳаббат пенен тиришиликтен, о дүнья бейиш пенен дозақтан ибарат дейтуғын еди. Яқ, мен бул дүньяда муҳаббатты да, тиришиликти де көрип турғаным жоқ. Бу дүнья — иплас дүнья! Мениң, он гүлимнен бир гүлим ашылмаған, бүгинги өмирим киби, бул дүнья дозақтан ибарат, бул дүнья тек ғана дозақ! До-зақ!... *(Талықсып кетеди.)*

ҚЫДЫР *(қулап баратырған қызын услап қалып).* Меҳрибан, айнанайын, өзинди усла, өзинди тут!...

НАЗЛЫМ. Меҳри, қызым!...

МЕҲРИБАН *(ҳәлсиз).* А-ға...

ҚЫДЫР. Меҳри, айнанайын, баўырым, жүр, аяғынды бас. Ана жайға апарып жатқызайын, жүр, деминди ал.

Сүйеп әкетеди.

## МУЗЫКА

НАЗЛЫМ *(ҳәсирет шегип, ойланып жүреди).* Бул не болып баратыр?! Дәўран екеўимиз муҳаббатымызға тосқынлықлар болатуғынын билетуғын едик. Бирақ, мен бундай қарсылыққа ушырайман деп сирә қыялыма да келтирмеген едим. Егер бул — басламасы болса, онда орта бели, ахыры қандай болады? Дәслепки қәдемлеримнен-ақ жүрегим астан-кестен болып кетти ғой! ... Ырас-ақ бахты қара болайын деп турман ба?! Не ушын бахты қара

боламан? Өз бахтымды, өз сүйгеним, өз муҳаббатымды тапқаным ушын ба?! Дурыс, ержеткен ул-қызы бар, мениң жасымдағы ҳаялға муҳаббат ҳаққында айтыў ерси. Ал, бирақ, жаслығында қәтелесип, барып-барып, өмиринше қәлбинде, әрманында, жүрегинде жасап жүрген адамды гезлестирип, оның менен кеўил қосса, бул бузықшылыққа жата ма?! ... Буларды айтқаным менен мени ким түсинеди?! Бәлким, ўақыттың өтиўи менен буны балларым түсинер. *(Қолын бир силтейди.)* Түсинбесе өзлери билсин, аўзы емшекте, арқасы бесикте емес!

Қ ы д ы р келеди.

ҚЫДЫР. Қызыңның ҳәммесинен хабары бар қусаған!...

НАЗЛЫМ. Аўа. Ол ҳәммесин биледи. ... Бизиң үй бетке бармадың ба, тез қайттың-ғо?

ҚЫДЫР. Яқ, ҳеш жаққа да бармадым.

НАЗЛЫМ. Неге? Неге бирден пәсиңе қайта қойдың?

ҚЫДЫР. Ойландым.

НАЗЛЫМ. Ел-журттан масқара болыўдан қорықтың ба?

ҚЫДЫР. Яқ, сеннен қорықтым.

НАЗЛЫМ *(ҳайран болып).* Не ушын?

ҚЫДЫР. Бул аўҳалды еситсе, туўған-туўысқанларың саған жер бастырып қоймайды. Және де, мен сени сүйемен, оны өзиң жақсы билесең!

НАЗЛЫМ. Дүньяда жақсы адам деген бар болса, сендей-ақ болар. Соның ушын да, мен сени сыйлайман. Сениң адамгершилигиң алдында, аяқ астыңа паяндоз болса арзыйды. Бирақ, мен өз ығбалыма, өткен өмириме, ҳасла ыразы емеспен!

ҚЫДЫР. Тоқта, тоқта ... Болып өткен ўақыя үстинен тереңнен пикир жүргизип көрейик. Сен мени сыйлайсаң. Бирақ, сүймейсең, маған қосқан ығбалыңа, мениң менен өткизген өмириңе ҳасла ыразы емессең!...

НАЗЛЫМ. Түсинген адамның садағасы кетсин!

ҚЫДЫР. Және бир жағына көз жуўыртсақ, ортамызда ержеткен ул-қызымыз бар. Солай емес пе?

НАЗЛЫМ. Сен маған қарағанда саўатлы, мәдениятлы, ақыллы жигитсең, Қыдыр. Соның ушын да сениң орта белден берген саўалларыңа жуўап берместен, гәпинди ақырына дейин тыңлағым келеди.

ҚЫДЫР. Мен сени сүйемен, сен өзгени сүйесең. Бәлким, бул — муҳаббатдур!... Бунын ақыйры қайырлы болар ма екен?

НАЗЛЫМ. Қайырлы болыўына жаным пида!

ҚЫДЫР. Сениң усы муҳаббатыңа Дәўран арзый ма өзи?

НАЗЛЫМ. Оған ийманым кәмил!

ҚЫДЫР. Бул кешиккен муҳаббат!!! Жү-дәә, кеш! Ақыбети не боларын аңлайсаң ба? Түн! Түн! Тас түнек!... Бул ҳаққында ойладың ба сирә?

НАЗЛЫМ. Түн мәңгилик емес, және таң атады!

ҚЫДЫР. Олай қылагөрме, Назлымжан! Сен ҳәм Дәўран кеште «муҳаббат, муҳаббат» деп қол усласып турсыз, ал алдыңызда — «Турмыс» деген шалшық суў! Алға қарай адым атласаңлар болды — оның батпақлары жан-жаққа шашырайды. Батпақ — маған шашырайды! Батпақ — ул-қызыңа шашырайды! Батпақ — ағайин-туўғанларыңа шашырайды!

НАЗЛЫМ. Не демекшисең сонда?

М е ҳ р и б а н көринбей тыңлап турады.

ҚЫДЫР. Назлым, жабыўлы қазан жабыўлы күйинде қалсын. Мен барлығына қайылман, барлығын кеширдим!

НАЗЛЫМ *(ҳайран).* Сонда қалай болғаны?... Мен Дәўран менен қушақласып-сүйисип жүрдим — соларды биле тура ... Онда сениң қандай еркек болғаның?!

ҚЫДЫР. Сениң не ойлап қалғанынды сезип турман. Мен ырасында да намыссызбан! Мен саўатлыман, мәдениятлыман, ақыллыман, мәкемениң «мине» деген хызметкерimen, бирақ намыссызбан!

НАЗЛЫМ. Муҳаббатты былай қояйық, арада ар-намыс болмай турып, бирге жасаў мүмкин бе?

ҚЫДЫР. Мүмкин!

НАЗЛЫМ. Қалай, не ушын?

ҚЫДЫР. Арадағы перзентлеримиз ушын, туўған-туўысқанларымыз ушын!

НАЗЛЫМ. Жаңағы өзиң айтқандай, дүнья қанша зимистан, қанша гөристан, қанша дозақ болса да, бәри бир мен намыссыз жасай алмайман!

ҚЫДЫР. Яқшы, сен мени ойламай-ақ қой. Ең болмаса, ул-қызынды ойла. «Ертең, бир күн болмаса бир күн, армиядан келип қалады» деп күтип отырмыз. Бул ўақыяларды еситип, ол не аўҳалға түседи?! Мектепти питкерейин деп, бой жетип турған қызың бар, бул исиң оның бетине ширкеў болмай ма? Ата-анаң, азаў-ғазаў азамат туўған-туўысқанларың бар, олар аўылласлары арасында қалай жасап, қалай жер басып жүреди?!

НАЗЛЫМ. Бара-бара ҳәммеси де түсинип кетеди деп ойлайман.

ҚЫДЫР. Көзлеринди кеңнен аш, Назлым! Бул жер — Қарақалпақстан! Голливудтың киноларында көрип жүргениңдей, бундай ҳәдийсеге Америка, Англия, Франция қусаған раўажланып кеткен еллердегилер арқайын түсинеди. *(Киноактердай болып, тамаша көрсете баслайды.).* «Лолитта, кешир мени, мен басқа биреўди сүйип қалдым, ажырасайық?» — «Болады, Джон, ал мен Альбертке турмысқа шығыўды әрманлап жүрген едим» *(Бирден салдамлы кейипке енеди.)* .... Қәрекең еле ондай санаға жеткени жоқ. Назлым, соның ушын да тереңнен ойлан. Мен сениң гүлли гүнанды кешейин ҳәм бастырыўлы қазан бастырыўлы жайында қалсын!

НАЗЛЫМ. Мен Дәўран менен талай ўақыттан берли ерли-зайыптай болып жүриппен, сен соларды да кеширмекшимисең?

ҚЫДЫР. Аўа, кеширемен.

НАЗЛЫМ. Енди оның илажы жоқ, мени әпиў ет, Қыдыр!

М е ҳ р и б а н тасадан шығады.

МЕҲРИБАН. Не ушын илажы жоқ?!

Н а з л ы м селк ете қалады.

НАЗЛЫМ. Сен еле жассаң, буны түсинбейсең!

МЕҲРИБАН. Тек ғана өзиң түсинип, басқа ҳеш ким түсинбейтуғын исти ислеп, жақсы қылмадың апа! Ертең әжағам келсе оған не дейсең? «Сениң апаңа не болған?» деп сораған қурдасларыма мен не деймен?

ҚЫДЫР. Сен бул исиң менен, тек өзиң шерменде боп қалмастан, мына балларды бахты қара етейин деп турсаң. Пикириңнен қайт Назлым, қайт пикириңнен!

Н а з л ы м үнсиз, мүсиндей қатып турады.

МЕҲРИБАН. Жасың қырқтан өткенде муҳаббат излегенше, бизлердиң тилегимизди тилеп, бахтымызды ойласаң-о, апа-аў! *(Жылайды.)*

ҚЫДЫР. Бул исти ҳәзирше төртеўимиз билемиз. Мына перзентлеримиздиң бахты ушын, келешекте дос-душпанға таба болмай, жүзлери жарқын болып жүриўи ушын, сеннен өтинип соранаман, бастырыўлы қазан бастырыўлы жайында қалсын. Сөйтип, бул ўақыяға ноқта қояйық. Усыдан бар ғой, алдағы ўақытлары «Бир ўақлары сен сондай еттиң-аў» деп бетиңе басам, я илла деп аўзымды ашсам, онда мени адам қатарына санама!

МЕҲРИБАН. Апа, «яқшы» десе, апа-аў, саған не болды, «яқшы» дейғойса!

М е ҳ р и б а н Н а з л ы м н ы ң аяғына жығылып жылайды.

НАЗЛЫМ. Тур Меҳри, жылама, тур!

МЕҲРИБАН *(орнынан турып).* Апа, пикириңнен қайтса, «яқшы» десе!

НАЗЛЫМ. «Балта өтпейтуғын жерге пышақ урма», қызым!

МЕҲРИБАН. Солай ма?!

НАЗЛЫМ. Солай!

МЕҲРИБАН. Сонда, меннен, әжағамнан, ағамнан, туўған-туўысқанларыңнан жолдан қосылған әлле биреў қәдирли болғаны ма?!

НАЗЛЫМ. Олай емес, қызым.

МЕҲРИБАН. Қызым ... Ядында болсын, ендигиден былай мени «қызым» деп тилиңе басыўшы болма! Мениң сендей анам жоқ, өзинен басқаны ойламайтуғын сениң әрманыңа да, муҳаббатыңа да түпирдим! Түпиў!… Сен ана да емессең, адам да емессең! Барып турған албаслысаң сен! Түп-пиў! *(Шығып кетеди.)*

НАЗЛЫМ. Уҳ-ҳҳҳ!… *(Отырып қалады.)*

ҚЫДЫР. Еле де бетиңе түпирмегенин айта бер, полға түпирди.

НАЗЛЫМ. Бәри бир түпиргени-ғо!

ҚЫДЫР. Ер балаға ҳеш гәп, қызымды айтсаң-ә! Ертең ол турмысқа шықпай ма, оның қолына талабанлар ата тегин сорамай ма? «Анасын көрип, қызын ал» деп, көп жигитлер ярым жолда атларының басын кейинге бурмай ма! Турмысқа шығып кеткенниң өзинде де қайын журтында күнлердиң күнинде, «сениң анаң сондай адам еди, анаңнан асып қайда бárарман дейсең, ҳәй ҳарамзада!» деп бетине баспай ма! Қыйын болды-аў, уҳ-уҳҳҳ!…

ПЕРДЕ

## Үшинши перде
## Көринис

Т у р д ы қ у л д ы ң үйи. Ҳәўли. Аржағында бағ. Бержағы-теректиң астында сыпа, сыпаның үстинде Т у р д ы қ у л пышағының қылаўын алып отыр.

ТУРДЫҚУЛ. Кемпир, ҳә кемпир!…

А й ш а келеди.

АЙША *(пышақты көрип).* Неп-бәле, пышақ қайрап! Я, мал сояжақсаң ба?

ТУРДЫҚУЛ. Яғ-аў, иши пискенниң талабы дә. Сөйтип, балаң ақшам қай ўақ келди?

АЙША. Билмеймен, қапыны ашсам, қораз шақырып атырған екен-ғо.

ТУРДЫҚУЛ. Қораздың нешинши шақырығы еди?

АЙША. Әй қойшы, мен не түни менен қораздың неше шақырғанын санап отырман ба?

ТУРДЫҚУЛ *(бүлкилдеп күледи).* Ўәй кемпир-әй, қораздың қай шақырығы екенин билмейтуғын болсаң, онда қартайған екенсең.

АЙША. Мениң гәпимди дәлкекке айландырғанша, балаңа тәртип бер! Қашан көрсең көшениң ийтиндей қаңғырады жүреди, я үйленбейди!

ТУРДЫҚУЛ. Тәртипти сен берип көрсеңо, үйленермекен!

АЙША. Улдың тәрбиясы — бул ата парызы! Мениң парызым-қызларды тәрбиялаў. Назлымжаныма қандай тәрбия бердим!!! Қудайым көз тиймегей, қызларымның ҳәммеси де жақсы, бәри де әнейдей. Барған жеринде тастай батып, суўдай сиңип, өнип-өсип отыр! Сен болсаң бир ул баланы келистире алмай атырсаң!

ТУРДЫҚУЛ. Әй, кемпир-әй, мен бир «мәзи гәп болсын» деп айтып атырман-дә. Ал, сен оны түсинбей, үйректей суў шаша бересең. Перзентке ким тәрбия берсе де, қанша тәрбия берсе де көп болмайды. Қудаға шүкир, қызларды қыяға қондырдық, бәри де үйли-жайлы, өнип-өсип отыр. Енди қалып турғаны усы үйдеги генжетайымыз ғой, мәйли жүрсин, ер бала-ғо, өмирди көрсин, ўақты-сәти келсе уяға қондырармыз.

АЙША. Ағасы-аў, мына балларды айтқаннан кейин ядыма түсип отыр. Айтайын десем умытып отыр екенмен-аў, кеше пийшемби ақшамы әжептәўир бир түс көрдим-ғо!

ТУРДЫҚУЛ. Түсинди Юсип пайғамбарым жорысын, айта бер шабазым.

АЙША. Түсимде жүрегим бир түрли болып, өзимнен-өзим ҳәўлирип, «Назлымның үйине барып қайтайынш» деп үйден шығыппан. Туў анадайдан қарасам, жалыны аспанға шығып, Назлымның үйи өртенип атыр.

ТУРДЫҚУЛ. Өртенип атыр, астаўпыралла!

АЙША. Аўа, тап оңымдағыдай! Соннан жуўыр-ә! Бирақ, алға басқан аяғым артқа кетеди береди-әй. Қарасам, лаўлаған жалынның арасынан, албаслыдай бир бәле зоңқ етип шықты дейсең! Астында ешек!

ТУРДЫҚУЛ *(тәәжжүбленип).* Ешек!...

АЙША. Аўа, ешек. Албаслының үсти-басы тап пәлек арқалағандай: алба-далба. Ешекке терис минген. Ешек қәдимгидей емес: кейнине қарап бәсип шаўып киятыр. Тусыма келгенде қарасам, албаслы дегеним — Назлым!

ТУРДЫҚУЛ. Назлым !... Астаўпыралла, астаўпыралла!

АЙША. Назлымның түри адам қарарлық емес. Бети бет емес, әлле бир нәрседей. Бир көзинен жас, бир көзинен қан ағып, гә путына, гә ешектиң көтине шаппатлап, даўысының барынша «ўа-ҳа-ҳа!» салып тусымнан шаўып өтти. «Мынаў не қылады-әй, бунның менен бир хабарласып қалайын» деп изинен жуўырдым. Изинен жетип: «Әй, Назлым мына ешегиң не, ешекке терис мингениң не? Түс ҳәзир! Ана бетиң не қусап кеткен, өзиңниң бетиңе усамайды-ғо», деймен бақырып. Ол үндемейди, путын шаппатлап, даўысының барынша ўа-ҳа-ҳа-ны салып баратыр.

ТУРДЫҚУЛ. Астаўпыралла!...

АЙША. «Әй, Назлым, қаяққа баратырсаң, ҳеш болмаса барар жеринди айтып кетсең-ә» деймен мен. Ол: «Коммунизмге, коммунизмге баратырман» дейди. Мен оның изинен, «әй, ақмақ, самолёт пенен Брежнев жете алмаған коммунизмге, ешек пенен сен қалай жетесең» деймен бақырып. Сөйтип айтқан гәпиме өзим даўысымның барынша күлемен. Сол күлиўим менен оянып кетиппен.

ТУРДЫҚУЛ *(суўық демин алып).* Ҳе-еее!...

Екеўи үнсиз отырады. Жылаўы менен М е ҳ р и б а н келеди.

МЕҲРИБАН. Апааа!... Атааа!...

АЙША *(орнынан ушып турып).* Ҳаў, Меҳрибан, не болды қызым, аманлық па?

МЕҲРИБАН *(гә Айшаны, гә Турдықулды қушақлап жылап).* Апа-аў!... Ата-аў!...

АЙША. Яқшы, қой қызым өзинди бас, жылама! *(Қыздың көз жасларын сүртеди.)* Ал, енди айта бер қызым не болды?

М е ҳ р и б а н үндемейди

ТУРДЫҚУЛ. Ағаң, я апаң аўырып қалды ма?

МЕҲРИБАН *(өлпең).* Яқ.

АЙША *(бирден шоршынып).* Өйп-бий маңлайым, армиядағы Қуўанышжаннан жаман хабар келмесе болғаны-ғо!

ТУРДЫҚУЛ *(ҳаўлығып).* Сөйтти ме?!

МЕҲРИБАН. Яқ.

ТУРДЫҚУЛ. Үйиңниң иши аманлық па өзи, не болды, қызым айтса?! Я биреў кеўлиңе тийди ме? Я имтиханнан жығылып қалдың ба?

АЙША. Қурыған маңлайымыз, сөйтип қурып қалмаса болғаны ғой!

ТУРДЫҚУЛ. Жым бол! Ғарғадай қарқылдап, бәле-қаданы шақыра бермей тур. Имтиханнан жығылса, келеси жылы тапсырар-дә! Айтөс, қызым, не болды, ырастан да имтиханнан жығылдың ба?

МЕҲРИБАН. Яқ.

ТУРДЫҚУЛ. Жығылмаған болсаң, өлгенди айт. Онда ким өлди, айт қәне!

МЕҲРИБАН *(жылап).* Буннан өлгени жақсы еди!...

АЙША. Кимниң?

МЕҲРИБАН. Апамның!... *(Өкирип жылайды.)*

Кемпир менен ғарры ҳайран, бир-бирине қарайды.

АЙША. Апаңа не болды?

МЕҲРИБАН. Апам, ҳәммемизди тирилей қара жерге көмди ғой, апа-аў, ата-аў! Дос-душпанның бетине енди қалай қараймыз, қалай ғана жер басып жүремиз, апа-аў!...

АЙША. Апанды не қара басып қалды?!

МЕҲРИБАН. Апам Дәўран деген ағамның жорасы менен жүретуғын қусайды!...

АЙША. Өйп-бий қурыған маңлайым, журт еситпегей! Неғыпты, үстинен шығып па?!

ТУРДЫҚУЛ *(бирден ғәзеп пенен).* Яа-ақ!... Астынан шыққан, астынан!

АЙША *(мушын мушына урып).* Ўай-ўай-йй! Журттың бетине енди қалай қарайман, ўай-ўай-йй!... Қалай ғана жер басып жүремен, ўай-ўайй! Улы ержетип, қызы бойжетип, жасы жар ортаға келгенде, қыз ўағында қылмаған қылығын қылып, бул ғана қатын, бул ғана қаншық, бул ғана... ўай-ўай-ўай-ўай-йй!... Не деримди де, не деп ғарғарымды да билмеймен-аў! Әй қудай, бул күнлерди көрсеткенше, неге алмадың мени! Ўай-ўай-йй!... *(Шашларын жулады.)* Енди қалай жасайман, енди қалай жер басып жүре-менн!...

Т у р д ы қ у л сам-саз.

МЕҲРИБАН. Апа, апа жа-нымм!...

Қ ы д ы р келеди.

ҚЫДЫР *(жүдә сынық).* Ассалаўма әлейкум! *(Қол алысып сәлемлесип болып.)* Меҳрибан, сени излеп бармаған жерим жоқ, қызым. Айтып кетсең болады-ғо.

МЕҲРИБАН. Енди қаяққа бараман аға, аўылдағы атама кетейин десем — алыс, қорықтым.

Т у р д ы қ у л , жеп жиберердей болып Қ ы д ы р ғ а қарап турады.

ҚЫДЫР. Меҳрибан, бәрин айтқан шығар ата! Назлымның өзиниң айтыўы бойынша, ол маған алжасып турмысқа шыққан екен. Енди ол басқа адамды сүйип қалған. Буннан былай соның менен бахытлы болмақшы.

АЙША *(күйинип).* Өйп-бий-йй!... Жаратқан жан ийем-әййй!... Қудайым бундай гәпти тири бенде еситпегей! Еситкен қулақтан аўлақ-әйй! Ўай-ўай-әйй!... Ўай-ўай!... Илайым сен қатынды қара жер жутқай, жер жутқыр-рр! Ақ сүтим урғай сени, ақ сүтим урғырр!...

МЕҲРИБАН. Апа, қойса, жыламаса!... *(Өзи қосылып жылайды.)*

ҚЫДЫР. Ата, усыны бир ойласып алайық, көпти көрген адамсыз, маған ақыл бериң.

Т у р д ы қ у л үнсиз, тил қатпайды.

ҚЫДЫР. Ҳәзирше өзлеримизден басқа ҳеш ким билмейди. Көзлери жаўдырасқан мына балларымды ойлап турман, ата!

Т у р д ы қ у л жүрегин услап, аўыр ҳалда турады.

АЙША. Шашынан асыў керек оның, шашынан! Ҳә, жер тартқыр-ә!

ТУРДЫҚУЛ *(Қыдырға).* Бир қаншыққа ийелик ете алмаған көпек!...

Қ ы д ы р басына жасыл түскендей сам-саз. Адамның басындағы ең аўыр мәўритлер. М е ҳ р и б а н әкесиниң қолынан әстен услап, соқыр жетелегендей алып шығып кетеди.

ТУРДЫҚУЛ *(қайғылы).* Япырмай-ә!...

АЙША *(абынып, орнынан туралмай).* Ағасы, шабазым!...

ТУРДЫҚУЛ. Ҳаў, не болды кем-пир!...

АЙША. Орнымнан туралмай қалдым-ғо! Басым қара зил, қара тас, зеңип баратыр! Көзлерим гиреўленип, ҳәзир сени зорға көрип

турман, мени деме ғарры, апарып жатқыз! Әй, мына қыздың дәртин-ай!...

Т у р д ы қ у л  А й ш а н ы демеп орнынан турғызады.

ТУРДЫҚУЛ. Мениң бахтыма сен аман болғайсаң, шабазымм!...

Кемпирин сүйеп алып кетеди.

ПЕРДЕ

# Екинши бөлим
## Төртинши перде
## Көринис

Қ ы д ы р д ы ң үйи. Н а з л ы м менен Д ә ў р а н столға ҳәр түрли жемислерди қойып безеп атыр.

ДӘЎРАН *(сумкасынан коньякларды алып).* Мине, буларсыз болмайды ақыры. Пай өзи де есиртеди-аў, енеғар!

НАЗЛЫМ. Есирте ме, мәсирте ме?

ДӘЎРАН. Есиртсе де, мәсиртсе де саған зыяны тиймес. Бүгинги таң, бүлген таң, коньяктың күшин өзиң билесең ғой, я?! Ўа-ҳа-ҳа!... *(Күлиседи.)*

НАЗЛЫМ. Билгенде қандай. Еки ийнимизден дем алып өлетуғын болдық, не де болса бүгин бир жазылысайық. Келш, уўылжы-тыйп бир сүйейин!

Екеўи сүйиседи.

ДӘЎРАН. Қыдырдың қыдырып кеткени жақсы болды!

НАЗЛЫМ. Аўа. Нәҳән еки қол қалтаны толтырып базарлық алған. Қызын ертип аўылына кетти. Ата-анасы, туўысқан-туўғанлары менен ойласатуғын шығар, мәйли бара берсин. Маған тек сен болсаң болды!

Екеўи отырады.

ДӘЎРАН *(коньякты ашып қуяды).* Ал Назлым, бир тилек болсын!

НАЗЛЫМ. Мениң тилегим мине! *(Дәўранның ләбинен сүйеди.)* Сени, мәңгиге сүйемен Дәўраным! Алдымнан гезлескен ҳәр қандай тосқынлықларды пыт-шыт қылыўға таярман.

Екеўи де ишип қояды.

ДӘЎРАН. Сол күни Қыдыр сени урды ма?

НАЗЛЫМ. Сол ўақыттағы жағдайға қарағанда урмағаны есабы. Улыўма, ол маған ҳеш ўақытта да қол көтерген емес.

ДӘЎРАН. Ол сени сүйеди я?

НАЗЛЫМ. Аўа. Ол мени сүйеди, мен сени сүйемен. Ал, сен ше?

ДӘЎРАН. Қатыным мени бәледей көреди, мен сени жанымдай көремен! Бизлер әлбетте мақсетимизге жетемиз. Алайық!

Екеўи және ишеди.

НАЗЛЫМ. Мени қаяққа әкетпекшисең сонда?

ДӘЎРАН. Қаяққа әкетсем де, қор қылмасам болғаны емес пе?

НАЗЛЫМ. Қор қылмаў басқа, жасаў басқа!

ДӘЎРАН. Әлбетте, бирге жасаймыз, мен де үйден биротала кетемен. Бүйтип, жасырынбақ ойнап жасаған өмири қурысын!

НАЗЛЫМ. Сонда да балларынды қыймайсаң-аў, я?

ДӘЎРАН. «Бала-баўыр етиң», дурыс. Солар ушын деп сонша жыл жасадық ғой, ер жеттирип аяққа турғыздық, қалған жағында өзлери адымлап кете бермей ме! ... Өзиң не? Әсиресе, ана қызыңа обал болды-аў.

НАЗЛЫМ. Тек қызыма емес, ҳәммесине де обал. Қыдырға да, балларға да, туўған-туўысқанларға да. Бәринде қыймайман, бирақ, сенсиз жасай алмайман!

Бир-бирине телмирисип, бир-бириниң қолларын сүйип отырады.

ДӘЎРАН. Қудайтаала бизлерди неге жаслығымызда ушырастырмады екен!

НАЗЛЫМ. «Ҳештен кеш жақсы» деген. Кеш болса да, тәғдир бизлерди гезлестирди ғой. Сен, негедур, бүгин ойшыллаўсаң, я екиленип жүрсең бе?

ДӘЎРАН. Олай деме, Назлым!

НАЗЛЫМ. Қыдыр: «Барлық гүнанды кешемен, ҳеш ўақытта бетиңе баспайман, бул ҳаққында өмиримде иллә деп аўзымды ашпайман, бастырыўлы қазан бастырыўлы жайында қалсын» деп маған кеширим берип отыр. Егер, екиленип жүрсең айт, қалған ығбалыма қайыл болайын!

ДӘЎРАН. Мени нәмәрт пәмлеме, мени күйдирме, Назлым!

НАЗЛЫМ. Сезип отырман. Ертең, Қыдырдың да, бизиң де туўған-туўысқанлардың бәри жыйналады, сөйтип мени ортаға алады. Әне, соннан бурын, мен бул үйден кетиўим керек. Егер екиленбесең, мени сүйетуғыныӊ ырас болса, ертең мени сол саяманлы бәндиргиде, кешки саат алтыға дейин күт. Топырақтан тысқары болсам, мен жетип бараман. Ал, сен соған дейин келмесең…

ДӘЎРАН. Шыбын жаным шурқ етип шығып кетпесе бараман. Қәтержам бол, жаным! *(Коньяк қуяды.)* Қәне алайық, муҳаббат ушын, келешек бахтымыз ушын! Алдымызда қандай тосқынлықлар ушырасса да жеңиў ушын алайық.

Екеўи ишип қояды.

НАЗЛЫМ. «Центр» қояйын, ойнайықта бир!

Н а з л ы м «Центр»деги қандай да бир музыканы қояды.

ДӘЎРАН. Назлым, кел, жаным!

Екеўи шырмаўықтай есилип, музыкаға елитип ойнап жүреди. Сырттан М е ҳ р и б а н , Қ ы д ы р , О р ы н г ү л келеди. Олар музыканың тамам болыўын күтип тып-тыныш күтип турады. Қосық тамам болғаннан кейин, Н а з л ы м менен Д ә ў р а н сүйиседи. О р ы н г ү л менен Қ ы д ы р ызалы қол шаппатлайды. Ашықлар жалт қарасады. Ҳүрейли, ҳайран.

ОРЫНГҮЛ *(Дәўранға).* «Аўырдым» деп, мени алдап, сен! *(Назлымға.)* Қыдырды қарызландырып, балларыңның несийбесин алып, сен! Екеўиң де Ташкентке кеттиңлер!

ҚЫДЫР *(Дәўранның маңлайын шекелеп).* Сөйтип екеўиң, Ташкентте заўқы-сапа сүрдиңлер, солай ма!... Ҳай-ўан!...

Д ә ў р а н н ы ң ишине урады, ол бүкленип қалады.

ОРЫНГҮЛ. Енди бизлерден айрылысып, қалған өмириңизди ийт азабында өткизесизлер!

НАЗЛЫМ. Яа-ақ!... Бизлердиң өмиримиз енди басланады!

ОРЫНГҮЛ. Сизлердей жүзиқараларға енди басланатуғын өмир, ол қандай өмир екен?!

НАЗЛЫМ. Бейиший өмир!

ОРЫНГҮЛ. Бейиший өмир?! *(Ғәзеп пенен күледи.)* Ўа-ҳа-ҳа-ҳа!...

ДӘЎРАН. Бизлер бир-биримизди сүйемиз, Назлымның айтып турған бейиши сол!

ҚЫДЫР. Бәлким о дүнья бейишин айтып турған шығар!

ДӘЎРАН. Яқ! О дүнья бейишине, бу дүньяда муҳаббатсыз жасап атырғанлар бара берсин! Бизлерге бу дүньямыз керек!

ОРЫНГҮЛ *(Назлымға).* Солай ма?!

НАЗЛЫМ. Солай! Мәйли, о дүньяда бизлерди қуўырып жесин! Бул дүньяда мен өз муҳаббатым менен өмиримниң қалған жағында жасағым келеди.

ОРЫНГҮЛ. Муҳаббат, мөлдир муҳаббат! Сен маған болып атырған телесериаллардағы сулыў сөзлерди айтқанды тоқтат! Барлығы айланып келгенде пулға, дүнья-малға барып тақалады. Мениң байым табарман-тутарман адам. Нөкистиң төрт жеринде дүкан ашып қойыпты. Россия, Қазақстанға барып-келип жүр. Табысы мол-молақай. Сениң байың қусап мәкемениң шүлен қазанына қарап қалғаны жоқ.

ҚЫДЫР. Орынгүл!

ОРЫНГҮЛ. Мен гәпти саған тийдирип атырғаным жоқ. Бар гәпти мына зағзақының үстине аўдарып атырман. Муҳаббат-емиш ... Сен бузақы мениң байымның дүньясына қызғансаң. «Балларым ержетип, улымды уяға, қызымды қыяға қондырайын» деп әрман етип отырғанымда, байымның басын айландырып меннен тартып алып, бейиший өмирде жасамақшысаң, солай ма?! Сонша жылдан берли үй-үй болып қатнасып киятырған едик. Жыланның ордасына есигимди ашқан екенмен ғой. Үйиме кирип, дузымды ишип, «апа-апа» деп туўысқандай боп қатнасып жүрип, сен бузақы!...

О р ы н г ү л  Н а з л ы м ғ а дәпинеди, урмақшы.

НАЗЛЫМ. Орынгүл апа, өмир айланып, жаслық дәўир қайтадан келип, қызлық дәўиримде Дәўран менен тәғдир мени ушырастырар ма еди, ол сени емес, ал мени таңлаған болар еди. Өткен өмирге салаўат. Кеш болса да, бир-биримизге гезлестик ҳәм усы иске батыл қәдем қойдық.

ОРЫНГҮЛ *(таңырқап, Назлымды айланып жүреди).* Ҳаў, мынаў не деп тур өзи !... Мына, арысландай байың турып, улың үйленейин, қызың турмысқа шығайын деп турғанда, ... ҳә, бузақы сениң-ә!... Солардың тилегин тилеп, қызығын көриўдиң орнына, еркек көрсең көтинди қыйсаңлатып!... Ҳә, ҳарамы сениң-ә!...

НАЗЛЫМ. Мен ондай емеспен, Орынгүл апа!...

Д ә ў р а н айырмақшы болып оқталады.

ҚЫДЫР *(Дәўранға).* Тынышыңа тур, тийме!

ОРЫНГҮЛ. Енди қандайсаң! Ҳә, қышыма сениң-ә! Сениң қышый беретуғын жериң қаяқта, қәне!... *(Назлымды теўип, урып жүреди.)*

ДӘЎРАН. Орынгүл қой, болды енди!

Д ә ў р а н О р ы н г ү л г е дәпинеди, Қ ы д ы р оның алдын кескеслейди.

ҚЫДЫР. Меннен басқа адам болғанда, бул ўақытқа дейин сени баўызлар еди! Мен саған жаңа қой дедим! *(Дәўранды урады.)*

ДӘЎРАН. Айыбым болып тур-дә! Болма-са-а!... *(Мушын түйип турады.)*

ҚЫДЫР *(Дәўранның жағасынан алып).* Болмаса не қылар един? Қолыңнан ҳарамылықтан басқа не келеди сениң! Сен еле мени билмейсең!... *(Дәўранның ишине урады, ол және бүкленип қалады.)* Ийт төлеўи бир күшик! Өләтдизна, ҳайўан сениң!

Ашыў менен барып, столдың үстиндеги шийшени алады. Урмақшы болады. О р ы н г ү л менен Н а з л ы м услап тоқтатады.

НАЗЛЫМ *(Қыдырдың қолына асылып).* Қыдыр, бир ашыўынды бер, қой, қойса!

ҚЫДЫР. Сен ҳарамзада, ийт сийгек, көзиме көринбе, жоғал!

Н а з л ы м қорыққанынан қашып бир шетке барып турады.

ОРЫНГҮЛ *(Қыдырдың шийшели қолын услап).* Қыдыр, өзинди бас, мени тыңла!

ҚЫДЫР. Яқ, бул неге «болмаса» дейди! Болмаса не қылажақсаң айт қәне! Болмаса, буннан артық не қылажақсаң деймен сен маған? Айт қәне, айт!

Қ ы д ы р Д ә ў р а н ғ а ғәзеп пенен дәпинеди, О р ы н г ү л оны жибермей турады.

ОРЫНГҮЛ. Қыдыр, ашыўынды бас, мени бир тыңла, тыңла өтинемен!

ҚЫДЫР. Уҳ-ҳҳҳ!… Яқшы, айт Орынгүл.

ОРЫНГҮЛ. Бизлер усы жерге усы азаптың боларын билип келдик, солай емес пе?

ҚЫДЫР. Аўа.

ОРЫНГҮЛ. Ким ушын?

ҚЫДЫР. Әй, Орынгүл, Орынгүл! Өзи жаралы жүректи сен де тырнайсаң-аў!

ОРЫНГҮЛ. Бул жерде жүреги жаралы тек сен емес. Балларымыз деп, «Келешекте перзентлеримиздиң жүзлери жарқын болсын, душпанлардың табасына қалмайық» деп келгенимизди умытпа. Усылардың екеўин де, мен өзим-ақ өлимтигин ийт шелли көрмей, малдай баўызлар едим, бирақ ана балларымыз бар ғой!…

ҚЫДЫР. Орынгүл, диңкени қуртып турған сол-ғоййй!…

О р ы н г ү л Д ә ў р а н н ы ң қасына келип, олыйыўы менен бираз үнсиз турады.

ОРЫНГҮЛ. Қыла жағың усы еди, қылдың да тындың. Мен сизлердиң бул «ешек қасыспаңызды», бурыннан-ақ сезер едим. «Дийўалдың да қулағы бар», мына жүзи қараны машинаңа мингизип, шалжаңлап жүргенинди талай еситтим. Ана жеке меншик асханада, «Бар»да, сениң ар-намыс, ҳүждан, муҳаббат, ҳәттеки ийман пул менен өлшенип, пулға сатылатуғын дозақый орынларда, заўқы-сапа сүргенлериңизден де хабарым бар! Бирақ, алдын ала алмадым!…

ДӘЎРАН. Бул гәплердиң бәри де өтирик, Орынгүл!

ОРЫНГҮЛ. Яа-ақ!… Еркектиң пейлин — еркектен басқа, нашардың пейли-әпқалын нашардан зыят ҳеш ким билмейди. Қырық жасты әйтеўир жасағаным жоқ, мен сонлықтан да айта аламан! Төбесинде үйи, қойнында байы, басында мийи бар нашар,

ҳеш ўақытта бузықшылық етпейди! Ядында болсын, егер де ол текли нашар болса! Олай емес екен, сен маңлайына мылтықты тақап, мың жеринен қулп урып қоя бер, ол бәри бир кеўлиндегисин ислейди! Ата-баба, «қашар көзин сүзбесе, буға жибин үзбейди» дейди. *(Назлымды шөкелеп.)* Анаў қазығында турып, саған көзин сүзди, сен жибинди үзип өзинди қораға урдың! Ол қора саған жат емес еди-ғо! Талай жыллар даўамында қатнасық қылып отырған үй еди. Мына Қыдыр достың еди-ғо, досқа нәзери түспегир! Халық «қораға шапқан жигит, жигит емес» дейди. Сен жигит ғой жигит, ҳәттеки, адам емессең! Барып турған накассаң сен! Себеби, сен усы сыяқлы азаматты, перзентлери, туўған-туўысқанлары менен қоса, өзимди айтпай-ақ қояйын, тирилей жерге көмдиң сен!

ДӘЎРАН. Орынгүл болды, қой енди, тилинди жиберип гәпти айландыра берме!

ОРЫНГҮЛ. Яа-ақ! Еле болған жоқ! Себеби, бул мениң, сениң менен ақырғы тиллесиўим, ядында болсын! Қәне, сен маған айт, мениң не гүнам бар?

ДӘЎРАН. Сенде гүна жоқ. Бизлерде де гүна жоқ: бир-биримизди сүйип қалғанбыз.

ОРЫНГҮЛ. Сен мени басыңа теңгерип алдың, туңғыш мәрте тулымшағымды өзиң жыйдың. Бағы-дәўлетли, үйли-жайлы болдың, өнип-өсип көзлери моншақтай ул көрдиң, қыз көрдиң. Бир Яратқан Алланың алдында билмедимдағы, бул дүньядағы тири бендениң алдында, гүнам жоқ мениң! Ғәлет пе усылар?

ДӘЎРАН. Яқ, ғәлет емес!

ОРЫНГҮЛ *(Назлымға).* Қәне, айт сен! Сениң алдында, Қыдырдың не гүнасы бар?

НАЗЛЫМ. Оның гүнасы жоқ!

ОРЫНГҮЛ. Дурыс. Сен түўе, ҳеш кимниң алдында да гүнасы жоқ! Егер де мен адам таныйтуғын болсам, дүньяда ийманы пәк еки адам болса, соның биреўи усы Қыдыр!

НАЗЛЫМ. Дурыс, сизиң бул пикириңизге мен де қосыламан!

ОРЫНГҮЛ. Сонда сениң бул не қылығың?!

НАЗЛЫМ. Бул муҳаббат деген!

ОРЫНГҮЛ. Яғный, сизлерди табыстырған да, кешиктирип қуўыстырған да — бул муҳаббат! Солай ма!

НАЗЛЫМ. Солай!

ОРЫНГҮЛ. Ендиги жағында бейиший өмирде жасайсызлар, о дүньяда писирип жесе де қайылсызлар! Солай ма?

НАЗЛЫМ. Солай!

ОРЫНГҮЛ *(Дәўранға).* Бул дүньяда өмири дозақ боп жасап атырған бизлер, о дүньяда бейишке барамыз, сизлердиң тек ғана бу дүньяңызды берсе болды! Солай ма?

ДӘЎРАН. Әлбетте, солай!

ОРЫНГҮЛ. Басқа ҳеш нәрсе керек емес пе сонда?!

ДӘЎРАН. Мәселемкиден не?

ОРЫНГҮЛ. Мәселемкиден, перзент! Бул соқпаққа қәдем қойсаңлар бурынғы перзентлериңиз жоқ сизлерге!

ДӘЎРАН. Перзент?! *(Ойланып қалады.)*

ОРЫНГҮЛ. Сизлер перзентли болыўыңыз ушын, сен меннен «қуда алдында, бенде алдында да айырылысыўға ыразыман» деген рухсатымды, ал Назлым, Қыдырдан талақ хатын алыўы шәрт! Болмаса, мусылманшылықта сизлерди перзентли болыўға қоспайды. Буны қәлеген уламаңнан сорап биле бер! Себеби, бизлердиң рухсатымызсыз сизлерге нека түспейди!

ДӘЎРАН. Бизлерге ҳеш кимниң рухсаты керек емес! Бизлердиң тәғдиримиз өз қолымызда.

ОРЫНГҮЛ. Онда айт қәне! Бийнекадан туўған баланы ким дейди, не дейди?!

ДӘЎРАН. Билмеймен!

ОРЫНГҮЛ.«Ҳарамы»дейди!Бийнекадан, сеннен, сендейлерден туўылған баланы «ҳарамы» дейди! Ҳарамыдан өләтдизна, өләтдизнадан гөрбар туўылады! Ал, гөрбар ким?! *(Бармақларын бүгип.)* Яғный, сениң балаң ҳарамы, ҳарамыдан туўылған ақлығың өләтдизна, өләтдизнадан туўылған шаўлығың гөрбар! Демек, сениң шаўлығың «гөрбар» деп аталады. Сениң бул «гөрбар» әўладың, шайтаннан да иплас, әзәзүлден де азғын, әзирейлиден де жаўыз болып келеди! Егер де сениң сол гөрбарың, шағына жетип

мәмлекет басына шыға ғойса, әне Гитлердиң үлкенин оннан соң көресең! Сизлердиң муҳаббатыңыз келешек әўладқа усындай туқымларды себеди. Соның ушын да, еле де ойланың, еле де ойланың!...

ҚЫДЫР. Дәўран, Назлым, перзентлеримиз бахты, әўладларымыз келешеги ушын, сизлерден және бир мәрте өтинип соранаман. «Бастырыўлы қазан, бастырыўлы жайында қалсын», өтинемен!...

Ҳәмме ойлы ҳалда қалады.

ПЕРДЕ

# Бесинши перде
# Көринис

Қ ы д ы р д ы ң үйи. Ортадағы столдың үстинде чемодан, Н а з л ы м чемоданға кийимлерин тақластырып салады, соңынан чемоданды жаўып, гүрсиде маңлайын тиренип отырады. Орнынан турып чемоданды алған ўақтында Қ ы д ы р кирип келеди.

ҚЫДЫР *(аң-таң).* Ҳаў!...

НАЗЛЫМ. Буған ҳеш қандай таңланыўдың кереги жоқ. Бәри-бир кетиўим керек-ғо, ақыры!

ҚЫДЫР. Ҳе-ее!... Өз үйинен өзи қашыў, буны адам баласының басына салмағай, қудайым!

НАЗЛЫМ. Мен қашып баратырғаным жоқ, таслап баратырман!

ҚЫДЫР. Ҳ-әә!... Дурыс, дурыс. Сиз, жигирма жыл қослас болған байыңызды, ул-қыз көрип өнип-өскен шаңарағыңызды таслап баратырсыз, дурыс. Ҳеш болмаса хошласып кеткениңизде де, сизди ҳеш ким усламас еди!

НАЗЛЫМ. Айтылар сөзлер айтылып болды, олар да азлық етсе — хош онда! Мен асығыспан, мени күтип турыпты!

М е ҳ р и б а н келеди.

ҚЫДЫР. Әне, Меҳрибан ҳәм келди. Қутлықласам бола ма қызым?

МЕҲРИБАН. Аўа, аға, мине. *(Ағасына қызыл аттестат береди.)*

ҚЫДЫР *(аттестатты қолына алып).* Қутлықлайман, қызым, баўырым! *(Меҳрибанның маңлайынан сүйеди.)* Не деген менен анаң ғой, хошласып қал, қызым, ол кетип баратыр.

МЕҲРИБАН *(Қыдырға).* Кетип баратыр ...

ҚЫДЫР. Биротала кетип баратыр!

МЕҲРИБАН. Ол биротала кетип баратырса, әжағам армиядан келеди. Оннан кейин бизлер және үшеў боламыз, я аға?

ҚЫДЫР. Аўа, қызым, аўа.

НАЗЛЫМ. Меҳрибан!...

М е ҳ р и б а н Н а з л ы м д ы еситпегенсийди.

МЕҲРИБАН *(Қыдырды қушақлап баўырына кирип).* Жаңа киятырып, мен Айгүлди көрдим аға!

ҚЫДЫР. Айгүл деген ким?

МЕҲРИБАН. Айгүл деген - әжағамның жақсы көретуғын қызы. «Жақында келеди» деп, ол да күтип жүрипти!

ҚЫДЫР. Айгүл деген аты жақсы екен. Айтпашақ, әжағаңнан хат алмап па, сорамадың ба?

МЕҲРИБАН. Сорадым, хат алыпты, әжағам «жақында бараман» деп жазыпты!

ҚЫДЫР *(тәшўишленип).* Оннан кейин не қылыпты, Айгүл хат жазып па?

МЕҲРИБАН. Аўа, жазыпты.

Н а з л ы м бир жағынан қызықсынып, бир жағынан ҳүрейленип турады.

ҚЫДЫР. Не деп жазыпты, сорамадың ба?

МЕҲРИБАН. Сорадым. «Меҳрибан оқыўын питкерейин деп тур, ата-анаң сени сағыныш пенен күтип отыр» деп жазыпты.

ҚЫДЫР. Ух-ҳҳҳ!... Қудайға шүкир! Усы аўҳалды биреў жеңилтеклик етип, я биреў душпанлық етип, балама жазып жиберсе, «оның кейни қалай болады» деп ишим пышық тырнағандай болып жүр. Келгеннен кейин көре берермиз-дә, илайым балам үйге аман қуўысқай!

МЕҲРИБАН. Ол дым мийирман қыз, аға!

ҚЫДЫР. Не деди, сөйлестиңиз бе? Айта бер қызым?!

МЕҲРИБАН. Айгүлдиң, «ата-анаң сағыныш пенен күтип отырыпты» деп жаздым деген сөзлерин еситтим де, бирден кеўлим бузылып кетти. Сонда Айгүл мени баўырына басып аймалап, бетлеримнен сүйе берди, сүйе берди. Аўҳалымыздан жүдә жақсы хабардар екен. «Айнанайын» деди мени аймалап, «Сени туўысқанымнан зыят көремен, анаңның орнына ана боламан, қапа болма» деди ол. Мен оған қарасам, кирпиклери дирилдеп, көзлери жасқа лыққа толған. *(Назлымды нусқап.)* Өз анамның мени таслап кетип баратырғаны мынаў, маған өзге адам өз анамнан зыят бола алар ма?! Аға!... Ўах!... *(Жүрегин услап қалады.)*

ҚЫДЫР *(албырақлап).* Ҳаў, ҳаў, Меҳри, не болды, не болды, қызым!...

Қ ы д ы р менен Н а з л ы м М е ҳ р и б а н н ы ң еки жағынан услап орынлыққа апарып отырғызады.

Отыр, отыр, мен ҳәзир, ҳәзир дәри әкелемен!...

Қ ы д ы р дәри әкелиўге кетеди, Н а з л ы м столдың үстинен газета алып, М е ҳ р и б а н д ы желпип, пәрмана болып турады.

НАЗЛЫМ. Меҳри, не қылды қызым, жаздырайын деди ме?

МЕҲРИБАН. Билмеймен.

Назлым қайтадан желпийди, Қ ы д ы р дәри әкеледи.

ҚЫДЫР. Мә қызым, мынаны ишип жибер! *(Дәри берип, кейнинен стакан менен суў ишкизеди.)*

НАЗЛЫМ *(қызының шашларын сыйпап).* Өйтебермесең-о, қызым-аў, аўырып қаласаң-ғо!

МЕҲРИБАН. Мен аўырсам, пикириңнен қайтасаң ба, апа?

НАЗЛЫМ. Адам өлимге де төзеди-ғо, мен өлип қалсам қәйтер еди?!

ҚЫДЫР. Буннан, өлгениң жақсы еди сениң!

МЕҲРИБАН. Өлиниң жолы басқа апа. Ал, мен өлсем сен қәйтер едиң?!

ҚЫДЫР. Әй, Меҳри, қой қызым, қой, қаяқтағыны айтпа! *(Назлымға.)* Әй, сен жоғал-әй, ҳа, жоян болғыр-ә!

Н а з л ы м гүрсини алып бир шетте отырады.

ҚЫДЫР. Қалай қызым, тәуирмисең?

МЕҲРИБАН. Тәўирмен ғой, аға, жақсыман. *(Орнынан турады.)*

ҚЫДЫР. Бул аўмалы-төкпели дүнья, қызым. Бул дүньяда адам да, ийт те жасай береди. Ҳәр кимниң маңлайына берсин. Еле он гүлиңнен бир гүлиң ашылған жоқ. Ҳәммеси алдында еле. Құдайтааланың не берерин қайдан билесең! Соның ушын жаңағыдай гәпти аўзыңа алма, қызым! Сен аўырып қалсаң, мен қәйтемен?!...

МЕҲРИБАН. Яқшы, кешириң аға. Енди ондай гәпти айтпайман. Бирақ, бир нәрсе айтайын.

ҚЫДЫР. Айт, қызым, айта-ғо.

МЕҲРИБАН. Мине бүгин, өзим қатарлы досларымның ҳәммеси мектеп питкерип, ержетлик аттестатын алды. Ҳәммеси қуўанышлы, ҳәммесиниң үйинде — той, ҳәммеси бахытлы. Ал, бизиң үйде ...

ҚЫДЫР. Әжағаң келсе бизлер де той беремиз!

МЕҲРИБАН. Ал, бирақ...

ҚЫДЫР. Не болды, және усы үйдегини айтпақшымысаң? Жаңа айттым-ғо, буған түпир, түпир деймен буған!

МЕҲРИБАН. Яқ, үй емес аға.

Н а з л ы м елеңлеп отырады.

ҚЫДЫР. Ҳаў, не болды сонда!

МЕҲРИБАН. Сонша жылдан берли класс басшымыз болып келген Алтынай апа, мыйық тартып келгени менен, тап өлиге кеўил айтқандай, көзлери жасаўрап келди де, «Меҳрибан, аттестатың қутлы болғай, бахытлы болғайсаң қарағым!» деп, маңлайымнан сүйип, сүйип алды да, меннен жасырып, көз жасларын сүртти. Оның да хабары бар екен. Мен ҳеш нәрсени сезбеген, билмеген болдым. Мен Бахытты күттим. «Ҳәзир Бахыт келеди, мени қутлықлайды, оның менен бурынғыдай сөйлесемиз, сырласамыз» деп усы жүрегим шәўкилдеди де турды.. Бахыт пенен класслас, парталас дос едик. Тап, жуп ғана қумырыдай жүдә татыў едик. Екеўимиздиң де әрманларымыз, жүрежақ жолларымыз, ҳәттеки келешекте шығажақ шоққыларымыз бенен бахтымыз бир еди. *(Көзлериниң жасларын сыпырып үнсиз турады.)* Класcласым Сәлийма «Ҳаў, бул не турысың! Бахыт сыртта, кетип баратыр» деди бир түрли болып. Жуўырыўым менен далаға шығып, жән-жаққа қарадым. Қарасам Бахыт көз ушында кетип баратыр!!! Ол маған ҳәтте бурылып та қарамады. Мен барлығын түсиндим, аға. Ендиги мениң теңим, енди мениң жолдасым, тек ғана бахты қаралық шығар, аға!

ҚЫДЫР. Қой өй деме. Енди сениң әкең де, анаң да — мына мен өзим. Мен еле тиримен, сениң бахтың, сениң келешегиң ушын жаным пида, қызым!

МЕҲРИБАН. Сен алдымдағы асқар таўымсаң ағажан, сеннен қәтерим жоқ! *(Назлымға жылап турып.)* Алтын бесигим едиң ғой, анажан! Мине, енди мени тирилей табытқа салып, гөрге тирилей көмген есабың. Сениң кесириңнен мен бахтымнан айрылдым! Бул жақты дүньяда енди маған бахыт жоқ, мен бахты қараман! Бүйтетуғын болсаң, мени неге туўдың, мени неге емиздиң, неге ҳәййиў айтып, неге түн бойы бесик тербеттиң апа, неге?!

НАЗЛЫМ. Мениң қәлбимдеги нәрсени сен түсинбейсең, болды енди, қой!

МЕҲРИБАН. Сен «қәлбим» дейсең, «муҳаббат» дейсең! Усы дүньяда муҳаббат бар ма? Муҳаббат болғанда сениң усы қылықларынды еситкен Бахыт меннен қашар ма еди, меннен узақласар ма еди?!

НАЗЛЫМ. Өмириң болса Бахытлар көп, асықпа!

ҚЫДЫР. Ол сениң жолың шығар! Сен өзиңниң усы «муҳаббат» деген жолың менен бизлердиң бәршемизге, туўысқан-туўғанларыңа бахытсызлық әкелдиң!

НАЗЛЫМ. Гәпти қыйқалай берме, болды қысқарт! *(Чемоданын алады.)*

ҚЫДЫР. Гәпти қыйқаламақ түўе, ҳәзир турған жеринде шалып жибергенде де обалың жоқ!

НАЗЛЫМ. Адам өлтириў сениң қолыңнан келмейди! Сен бир жүрген нәзик интеллигентсең!!!

ҚЫДЫР. Солай ма?

НАЗЛЫМ. Солай!

ҚЫДЫР. Бирақ, сени өлтириў қолымнан келеди! Себеби, сен адам емессең, мә!... *(Назлымды урады.)*

НАЗЛЫМ. Бетиме урма, урма деймен бетиме!

ҚЫДЫР *(урып жүрип ғәзеп пенен).* Жүзи қара бетинди!

МЕҲРИБАН. Аға, қойса, урмаса!...

ҚЫДЫР. Бетим бар дейди-аў! Сендей жүзи қарада бет бола ма?!...

Және урмақшы болады. М е ҳ р и б а н оларды арашалайды. Т у р д ы қ у л келип қарап турады.

НАЗЛЫМ. Бәри бир сен мени өлтире алмайсаң! Себеби, сен натықсаң!

ҚЫДЫР. Ендиги жағында өмирим тюрьмада ширисе де, өлтиремен дедим бе, өлтиремен!

ТУРДЫҚУЛ. Тоқта, бала! Өлтирсең, усы ўаққа дейин кимниң астында қалдың!

Т у р д ы қ у л қойнынан пышағын суўырып алады. Басқалар турған жеринде лал болып турады.

Әй, көпек, жит былай!

МЕҲРИБАН. А-та!... *(Барып ғаррының қолына жабысады.)*

ТУРДЫҚУЛ *(қағып жиберип).* Қаш былай! Мен жете алмай жүр едим ғой! Сениң ғана қаныңды суўдай ағызып, гелленди сырыққа илдирейин!

Т у р д ы қ у л , Н а з л ы м ғ а қарай жүреди. Н а з л ы м қашқалақлайды. Қ ы д ы р ғаррының алдын тосады.

ҚЫДЫР. Ата, не деген менен перзентиңиз ғой, бир ашыўыңызды бериң, берекет табың, ата, қойың!

ТУРДЫҚУЛ *(мысқыллы).* Өй, өлтиретуғын жигит! Не бир гәплерди айтып тыштанлай бересең, ал жеме-жемеге келгенде неге алдымды кес-кеслейсең! Былай кет деймен саған! Егер усыннан кетпесең, ишиңе пышақты гөмип аламан! Соң ҳаялыңа ... *(Қыдырдың ишине пышақты тақап турады.)* Кет дегенде кет, болмаса ҳаялың менен бирге жәҳәннемге жөнейсең! Әй, машасына ийелик ете алмаған ҳәңги ешек!

Қ ы д ы р тайсалады. М е ҳ р и б а н жуўырып барып пышақтың жүзин қос қоллап қысымлайды. Өзине қаратып турады.

МЕҲРИБАН. Әне, ата, енди урың пышағыңызды! Көзиңизге қан толып келген болса, сизге кимди өлтиргенде не, урың!...

Н а з л ы м жылап жибереди.

ТУРДЫҚУЛ. Жибер пышақты!

МЕҲРИБАН. Яқ! Сизге өлим керек-ғо, я?! Бул шаңарақ қулады, күл-опат болды, енди буннан тек ғана қан шығыўы керек! Маған енди бәри бир өмир керек емес, қәне, ата, ур пышағыңды! Бәлким, мениң өлимим анамды қалтыс адымнан иркип қалар. Ур, пышақты! Урмасаң нәмәртсең!

НАЗЛЫМ. Меҳрибан!!! *(Жылап жибереди.)*

ТУРДЫҚУЛ. Қызым, мен бул пышақты азанда нийет қылып жақсылап қайрағанман. Жүдә өткир, қолынды кесип кетеди, жибер деймен!

МЕҲРИБАН. Өлсем де жибермеймен! Я ур, ямаса пышақты маған бер!

Телефон шыңғырлайды.

Аға, телефонды ал, егер де бул Бахыт болып мени сораса, «өлди» де!

Ҳәмме телефонға елеңлейди. Себеби, ғарры - кемпиринен, Н а з л ы м - Д ә ў р а н н а н , М е ҳ р и б а н Б а х ы т ы н а н үмидиўар. Қ ы д ы р трубканы көтереди.

ҚЫДЫР. Алло!… *(Телефонды тыңлап турады.)* Аўа, үйде. Ҳе-ее!… Яқшы. *(Трубканы қояды.)* Тәғдийр ата!… Бу Яратқанның исине ҳеш қандай шара жоқ. Апамның ийманын берсин!…

Қайғылы, азалы музыка еситиледи. Ҳәмме сес-семир. Т у р д ы қ у л пышақты жаздырады. М е ҳ р и б а н пышақты алып кетип, жасырып келеди. Ҳәмме үнсиз. Н а з л ы м өксип жылайды.

ТУРДЫҚУЛ. Ҳей, сен неге жылайсаң?!

НАЗЛЫМ *(бетин басып).* Апам!…

ТУРДЫҚУЛ. Абыс! Ол сениң муҳаббатыңның биринши қурбаны болды, абысқыррр! Және «апа» дейсең-ә! Оның саған деген аналық муҳаббатының шеги жоқ еди, ол сениң менен бәрҳә мақтанар еди. Қырққа келгенде «муҳаббат» деп ананды гөрге тықтың, жер жут-қырр! Сениң усы күйигиңе шыдамаған анаң, ишлери өртенип, лақылдатып қан қусып, баўыры ирип өлди. Ҳә, қан қус-қыррр! Бир күн болса да өлимнен аман алып қалған, мына баўыр етиң — қызыңа, рахмет айт! Усындай перзентиң турып, ойнас тутарсаң ба! Ҳа, бахты қара, ҳә жүзи қара сениң-ә! Ананңның жаназасын бир өткерип алайын, оннан соң сени бәри бир

өлтиремен! Себеби, некалы байы бола турып, ойнас тутқан қатын, туўысқан-туўғанлары менен өз шаңарағына бахытсызлық, апат келтиреди! Оның дәлийли әне, анаң өлди! Ендиги сениң жазаң өлим, тек ғана өлим!...

Т у р д ы қ у л кетеди. Изинен Қ ы д ы р менен М е ҳ р и б а н да шығып кетеди. Н а з л ы м н ы ң бир өзи қалады.

МУЗЫКА
ПЕРДЕ

## Алтыншы перде
## Көринис

Қ ы д ы р д ы ң үйи. Н а з л ы м қолында чемодан, үйине келеди. Чемоданын бир шетке қойып, ойланып жүреди.

НАЗЛЫМ *(қапа).* Күттим... күттим... келмеди! Неге келмеди?...

Телефонды алып қоңыраў етеди. Сырттан О р ы н г ү л келип тыңлап турады.

Алло. Дәўран керек еди, шақырып жибериң. Бул жумысынан, мен хаткер қызбан, баслық излеп атыр, тез шақырың!

О р ы н г ү л артынан келип, телефонды жулып алып орнына қояды.

ОРЫНГҮЛ. Әй, қатын, мен саған нешше мәрте айттым, «қоңыраў етпе» деп. Өзиң бир уяты жоқ адам екенсең. Ҳайўан да сендей болмас!

НАЗЛЫМ. Дәўранға не болды?

ОРЫНГҮЛ. Оған ҳеш нәрсе болған жоқ. Үйде!

НАЗЛЫМ. Үйде?!? Ҳаў!!!

ОРЫНГҮЛ. Оның несине таңланасаң! Еркек киси деген ҳәр шөптиң басын бир шалып отлайтуғын мал ғой! Жайлаўдан тойып келип, енди қорасында жатыр, қарынды тыр-тыр қасып!

НАЗЛЫМ. Мүмкин емес!

ОРЫНГҮЛ. Сен турмысты жақсы билмейди екенсең, Назлым-аў! Кеше усы жерден шығып, үйге барғаннан кейин оған: «кет, сендей ҳарамы керек емес», деп нықырттым. Ол: «Қулың болайын, паяндозың болайын, жасым елиўге келди, мени балларымнан айырма» деп жылады. «Ҳе, ана Назлымынды не қыласаң?» дедим, «Назлым дегенди танымайман, алды-артына бурыш-пияз, енди оның атын айтсам тилим кесилгей», деп ант-суў ишти. Не қылайын? Балларыма әке, өзиме бай керек — кеширдим. Бундай қыйын заманда бизнесмен бай жерде жатыр ма?! Саған қусағанлар маңлайына таўап етип, үйиниң төрине апарып отырғызсын-ә! Ўәй, еле бала екенсең-аў сен, биреў саған байын бере ме? Ҳәзир бай түўе, үйине сорап барғанда еки гешир берип турмайды.

НАЗЛЫМ. Ырасақ алдағаны ма?!

ОРЫНГҮЛ. Сен телефонымызды безилдетип, тындырмаған соң, «уятты, ҳеш болмаса барып кеширим сорап қайт» дедим. «Әй, қойшы соны, гөне геўиштей боп даланда қалды-ғо» дейди-әй «ўа-ҳа-ҳа» салып. Қоя бер, бул еркек дегенлеринди, соларға исенип жүрген сен де яммана ақ көкирек екенсең-аў. Жек көрип турсам да, бир жағынан сени дым аяйман-аў!

НАЗЛЫМ. Усыларды ырас айтып отырсаң ба?

ОРЫНГҮЛ. Мениң бир сеннен өтирик қарызым жоқ, Назлым-аў. Ҳайранман, қырқ жасты қаяқта жасап жүрсең-әй, өзиң! Бул еркек дегенлериң барып турған жылан! Әстен жылыслап келип қойныңа киреди де, палынды, қанынды, бәрин со-рыйп болып, мийри қанғаннан кейин басқаға кетеди.

НАЗЛЫМ. Қудай ҳақы шынынды айт, Орынгүл!

ОРЫНГҮЛ. Бул, бул ғой, мен еле оның айтқанларының көбисин айтпай турман.

НАЗЛЫМ. Нелерди?

ОРЫНГҮЛ. «Ташкентке уштық, өзин қуштық. Маған не, «Тауға жемис питипти, жеп кетейик немиз кетипти»» деди-әй, қудайдан тапқыр ишек-силеси қатып.

НАЗЛЫМ. Яқ, яқ, мүмкин емес!

ОРЫНГҮЛ. Исенбейсең бе?

НАЗЛЫМ. Исенбеймен!

Д ә ў р а н киреди.

ДӘЎРАН *(Орынгүлди көрип жақтырмай)* О-ҳоо!... Қашшан келип, мени ешекке терис мингизип болдың ба?... Турдым ғайратыңа! Не қыласаң онда, турасаң ба, я кетесең бе?

ОРЫНГҮЛ. *(ашыўлы)* Кетпеймен, тураман!

ДӘЎРАН. Онда саған айтарым: бағанағы үйдеги айтқан зәҳәр сөзлериң де, бийҳаяшылығың да енди өтпейди. Турсаң жөниңе тур, аўзынды жаўып тынышыңа тур! Түсиндиң бе?!

ОРЫНГҮЛ. *(жүдә сынық)* Түсиндим.

Д ә ў р а н, қапа болып төмен қарап турған Н а з л ы м н ы ң жанына барып, оның қолынан услайды.

ДӘЎРАН. Назлым!...

НАЗЛЫМ. Дәў-ран!...

Оның О р ы н г ү л г е айтқан сөзлеринен қайттан үмити оянып, Д ә ў р а н - н ы ң ийнине басын қойып солқылдап жылайды.

ДӘЎРАН. Назлым, бул дүнья тегис емес, бир жер дөң, бир жер ой, биреў аласа, биреў пәс. Ал, муҳаббатқа келгенде, булардың бә-рин теп-тегис ететуғын бизлердиң санамыз екен. Қыдырдың саған: «Бизлердиң санамыз еле буған жеткен жоқ» дегенлери дурыс екен, ол бизлерге қарағанда анағурлым ақыллы екен, «көрпеңе қарап аяқ узат» дегендей, ол жүдә саналы ҳәм ақыллы жигит екен!

НАЗЛЫМ. *(басын тиклеп, көз жасларын сүртип, ҳайран)* Неге олай деп турсаң, Дәўран?!

ДӘЎРАН. Мынаў, *(Орынгүлге ишара етип)* мениң үстиме ул-қызларымды, ағайин-туўысқанларым менен қәйин журтымды айдап салды. Олар маған не сөз, не гәплерди айтпады дейсең! Олар да тәсир етти, әлбетте. Бирақ, «ақлық көрдиң-ай көрдиң»: ақлығым жуўырып келип мойныма шырматылып жылағанда, иши геўек ағаштай шорта сындым!...

Н а з л ы м бәрин түсинди, енди үмити пуш болып өз-өзинен қорқып баратыр.

ДӘЎРАН. *(жалынышлы, күйинип)* «Неге» деп сораса, Назлым-аў!

Н а з л ы м сол қорқыўы менен кейин бәседи.

Яқшы, өзимақ айтайын. «Өз баланды жүргенше, балаңның баласын өлгенше бағасаң». Бул тек ғана мусылман халықларына тән, ата-бабаларымыздың нақыл-философиясы. Яғний-бизде муҳаббат еркинлиги, өзи ушын жасаў деген елеберин болмайды. Бизлер өле-өлгенимизше «бала, балам» деп перзентлеримиздиң қулы болып кетемиз! Буны европалылар менен салыстырғанда, дурыс па, надурыс па, билмеймен бирақ. *(Назлымның қолынан услап)* Назлым, жаным, мен хошласыўға келдим...

НАЗЛЫМ. *(мәңгүрленип)* Хошласыўға?

ДӘЎРАН. Сениң маған деген пәк муҳаббатың алдында диз шөгемен! *(диз шөгеди)* Мен өзимди қайтпас қара-қайсар жигитпен деп билетуғын едим. Яқ, олай емес екен, мени сындырды, мен сындым Назлым! Мен ендиги жағында, тек ғана перзентлеримниң қулыман! *(орнынан турады)* Мени кешир, мени әпиў ет, жа-ным!!!

Д ә ў р а н Н а з л ы м н ы ң маңлайынан сүйеди, кетеди. Н а з л ы м жүрегин услап, аўыр ҳалда турады.

ОРЫНГҮЛ. Мусылманшылықта өлини тебиў-гүлли гүнә.

Усыннан өлмей аман қалсаң, бахтыңнан көрерсең, Н а з л ы м!...

О р ы н г ү л кетеди, Н а з л ы м жүрегин услаўы менен теңселип турып қулайды ҳәм сол жатыўы менен қалады.

ПЕРДЕ

ТАМАМ.

август, 2009 жылы
қайта исленди.